# Нур

6+

ISSN 0207-6551
12
2017



# "НУРЫР" ЗЫГЪЭХЬЭЗЫРХЭМ КЪАБГЪЭДЭКIЫУ



Уафэ Iэгум къиху уэс тхьэхухэр
Хурсэ-хурсэу къохри-къох...
Жэщ уэздыгъэм йопщI щыгъэхухэр,
МэткIу, пощтыкIри, мылу поху...

....Уафэ Уагъэм и Iу бахъэр
ЩIылъэм нэсмэ бydэ щохъу,
Щыгъэху цIыкIухэ, фигу уэгу Уагъэр
Фхъумэ, быдэ фымыгъэхъу!

*АБРОКЪУЭ Беллэ,*
редактор нэхъыщхьэ



ШыIэрэ лIыгъэрэ фхэлъу
ЩIэныгъэ-нэхум фыхуэкIуэу,
ФIыгъуэр, дахагъэр зыхэфщIэу,
Фи зэман уэрым фыдэкIуу,
ГуакIуагъэ-гуапагъэр фи гъуджэу,
Хабзэ-нэмысыр фи жьантIэу,
Захуагъэ-пэжыгъэр фи напэу,
Фи гущIэгъулыгъэр мардэншэу,
Дэрэжэгъуэ фиIэрэ фыгушхуэу,
Фи псэр къабзэрэ фыузыншэу
Гъэ угъурлы фытехьэну сохъуахъуэ!

*ХЬЭТУ Пётр,*
редактор





Си ныбжьэгъу цIыкIу! Зы пэж бжесIэни....
Дунейм къытехьакъым щIэныгъэ нэхъ лъэщрэ тхылъ нэхъ Iущрэ. Дызыхыхьэну илъэсым тхылъыфI куэд къызэIупхыну сыпхуохъуапсэ. Уи псэр Тхьэм нэхъри иузэщI мы Илъэсыщ Iэм!

*КЪАРМЭ Iэсият*

Сабийхэм сывохъуэхъу фи IэщIагъэ зэвгъэгъуэтыжыну, фи гур изу, фи щIэныгъэм хэвгъахъуэу фыкъэхъуну.

Сэ сыхуейщ дуней псор адыгэм къыдэхъуапсэу, «мыбы сыту щIэныгъэлI лъэщ, IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэхэр яIэ», жаIэу къыддэлэжьэну хуейну!

*ХЬЭЛИЛЭ Миланэ,*
журналым и сурэтыщI



ЩыкIухэ, илъэсыщIэм мурадыфIу хуэфщIар къывэхъулIэну, фи щIэныгъэр ефIэкIуэну, IуэхуфIхэр къывдэхъуну, нэжэгужэу илъэс псор ефхьэкIыну сывохъуэхъу!

*РАСТОРГУЕВЭ (ПЩЫНОКЪУЭ) Нусэ,*
компьютеркIэ журналыр зэхэзыгъэувэ

# Илъэсыщlэ нэщэнэхэр

**Урысей.** Гъэщlэрэщlа псейр Илъэсыщlэ дамыгъэщ, и лlыхъужьыр – Уэс Дадэщ.

**Японие.** Тхьэ гуащэ (Дарумэ) пхъэм къыхащlыкl. Абы и нэ лъэныкъуэр гуащэр зейм хуещl, къехъулlэну зыщlэхъуэпс мурадыр и гум илъу. Илъэсыр иклрэ мурадыр къехъулlэмэ, адрей нэр хуещlыжри егъэлъапlэ, къемыхъулlэрэ – гуащэр егъэсыжри нэгъуэщl ещl.



**Германие.** Илъэсыщlэр къихьэным дакъикъэ зы-тlу иlэжу гъуэлъыпlэ, шэнтхэм тоувэхэри – къопклэ, Илъэсыщlэм хэпклэ хуэдэу. Итlанэ зэхъуэхъужу щlадзэ.

**Италие.** Илъэсыщlэр къыщихьэм и деж зыхуэмеиж хьэпшыпхэр щхьэгъубжэм къыдадзэ.



**Швецие.** Хьэкъущыкъухэр якъутэ. Нэхъыбэ якъутэху – Илъэсыщlэр нэхъ берычэт хъууэ ялъытэ.

**Испание.** Илъэсыщlэр къихьэным зы дакъикъэ иlэжу псоми жызум хьэдзэ 12 яшх.



**Финляндие.** Илъэсыщlэр къихьэмэ, зэхуагуэшыну саугъэтхэр тепщэч lубам кlэщlалъхьэ.

**Алыдж.** Унагъуэм псы ткlуэпс къуэрамынэу иракlут, Илъэсыщlэр къызэрихьэу кърагъэхъуэж.



**Индие.** А къэралым хуэдэу Илъэсыщlэм мыхьэнэшхуэ езыт щыlэкъым. Абы илъэсым щэ а махуэшхуэр ягъэлъапlэ, мафlэм дауэдапщэ тхьэлъэlухэр иращlэкl.

**Америкэ.** Абы щыпсэу индейхэм лэч хужькlэ я напэр лауэ мэзым мафlэ щащlри, дауэдапщэр иращlэкl. Ипщэ лъэныкъуэмкlэ джэгуаклуэхэр яхэту, ажэгъафэ сэфэтхэм иту карнавал ящl.

**Африкэ** – лъэгуажьэмыщхьэу, я жьэм джэдыкlэ жьэдэлъу, къызэдожэ... къаlэщlэмыкъутэу. Иужькlэ уlэгъэхэр зэтралъхьэри абыхэм хущхъуэ щахуэж.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭЛДЖЫР А.**

# Илъэсыщ1э хъуэпсап1эхэр

ИлъэсыщIэр, сытым дежи къэхъукъащIэ хьэлэмэтхэм пыщIауэ, балигъыи сабии я мурадхэр къащехъулIэну зыщыгугъ зэману куэд щIауэ къокIуэкI.

Сабийуэ хъуэпсапIэ гуэр зимыIэ щыIэ? ФIэщщIыгъуейщ. АтIэ сытым нэхъ ехьэлIауэ пIэрэ а хъуэпсапIэхэр? Фи пащхьэ идолъхьэ Налшык къалэ щеджэ сабийхэм тхуащIа сурэтхэр.



Тенджыз Iуфэм сыщыпсэуну сохъуапсэ.

**БЕКЪАН Инарэ,** 27-нэ еджапIэ, 4-нэ кл.



Пщыгуащэ сыхъуарэт!

**МЫД Алинэ,** 11-нэ еджапIэ, 2-нэ кл.




Нэхъ щIэхыIуэ ИлъэсыщIэр къэсарэт!

**МЭРЕМКЪУЛ Алинэ,** 11-нэ еджапIэ, 2-нэ кл.



Кхъухьзехуэ сыхъуауэ куэдрэ си нэгу къыщIызогъэхьэ.

**БОГОСЛАВЦЕВ Артем,** 11-нэ еджапIэ, 2-нэ кл.



Шууей сыхъуну сохъуапсэ,
зэхьэзэхуэхэм сащытекIуэу.
**БОЗИЙ Астемыр,** 26-нэ еджапIэ,
4-нэ кл.



Къуршхэм ситу дунейм
сыхэплъэну си нэ къокI!
**ХЬЭРЭДУРЭ Бейбарс,** 26-нэ еджапIэ,
4-нэ кл.



Сэ зыкIэ гироскутер сиIэну сыхуейщи!
**АНСОКЪУЭ Астемыр,** 26-нэ еджапIэ,
4-нэ кл.



Дэлъху цIыкIу сиIэну
сыхуейщ!
**АЛЪТУД Сэтэней,** 26-нэ еджапIэ,
4-нэ кл.



Сэ Iэщ дохутыр сыхъуну сыхуейщ.
**КЪЭШЭЖ Йоханнэ,** 11-нэ еджапIэ,
2-нэ кл.

Ди сабийхэр зыщIэхъуэпсхэр Тхьэм къаригъэхъулIэ!

ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, сабийм зыщиужьыр ар щыхъуапсэм дежщ. ГугъапIэхэм я нэкъыфIэщI дунейм щыгупсысэурэ, ар зыIэригъэхьэн папщIэ ищIэн хуей Iэмалхэр сабий акъылым къилъыхъуэу, зэригъэзахуэу хуожьэ. Абы къыхэкIкIэ, дэ, балигъхэм, ди къалэн нэхъыщхьэр сабий хъуэпсапIэ-мурадхэм зедгъэужь зэпыту дадэлэжьэнырщ.

Зыгъэхьэзырар
**БЕКЪАН Масирэтщ**

# Уафэ мазэм и таурыхъ




Дапщэщу пІэрэ цІыхум махуэрыбжэ (календарь) къыщигупсысар? Мыпхуэдэ упщІэр жэуап зимыІэхэм ящыщу къыщІэкІынщ, сыту жыпІэмэ цІыху зэрыщыІэрэ махуэрыбжи щыІэщ. Нэхъ пасэрей дыдэу дунейм тета лъэпкъхэм: шумерхэм, чынтхэм, индусхэм, (хэбгъэзыхьмэ, аддэ инкхэмрэ ацтекхэмрэ) махуэрыбжэ яІащ. Апхуэдэхэм я пасэрей фэеплъу ди зэманым къэсар Инджылызым щыІэ Стоунхендж ухуэныгъэрщ.

Календарь псалъэр латиныбзэкІэ календэ-м (зэщІэгъэуІуэн; зэхуэшэсын къикІыу) къытехъукІат. И мыхьэнэкІи ар къызэрежьар, хьэлэмэтращи, «махуэхэр къэбжынкъым», атІэ… щІыхуэхэр тыжынщ! НтІэ-нтІэ, пасэрей урымхэм хабзэ ягъэуваүэ, щІыхуэ зытелъ дэтхэнэми мазэ къэунэхум и япэ махуэм итыжын хуейт ар.

МыдэкІэ, инджылызхэмрэ урымхэмрэ дакъыфІэкІынщи, япэу махуэрыбжэ Іэрытх Урысейм къыщежьар XI-нэ лІэщІыгъуэрщ. Пащтыхьышхуэ Петр и тетыгъуэм махуэрыбжэ лІэужьыгъуэхэм хуабжьу заужьауэ щытащ.

Иджыпсту махуэрыбжэ зэхуэмыдэу куэд дыдэ щыІэщ. Абыхэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэхэм я бжыгъэр 50 мэхъу. Сыту пІэрэ ахэм псоми я тегъэщІапІэр? Дауи, уафэ мазэрщ! Дунейр къызэригъэщІрэ цІыхуи, псэущхьи, къэкІыгъи зэрыщыІэр уафэ мазэм и хабзэщ. Пасэрей адыгэхэм уафэм пыщІэныгъэшхуэ зэрыхуаІар ди псалъэжьхэм, жыІэгъуэхэм Іупщ1у къахощ.

Уафэ вагъуэхэм, дыгъэ-мазэм я нэщэнэм фІыуэ хэзыщІыкІ адыгэхэм ягъэбелджылат илъэсыщІэр пэжу къыщихьэри: ар, дауи, щІыІэр ІукІуэтыжу щІылъэр дыгъэм къыщигъэщІэращІэ гъатхэпэрщ! Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, абы и 21-нэ махуэрщ. АдэкІэ щІым гъавэ хащІэрт. Хуабэ хъурти, удзыр мэкъуу паупщІырт. Аргуэру уафэ мазэкІэ яухуэрт гъавэ къехьэлІэжыгъуэр, фо щІэхугъуэр, щэкІуэну къыщезэгъ зэманыр. Апхуэдэурэ гъэр иухырт, дыгъэгъазэм (декабрь) и 21-нэ махуэу дыгъэм зигъазэрти щІым и махуэр къихьэрт. АдэкІэ, зэхуакушхуэ ямыІэурэ, къызэкІэлъыкІуэхэрт щІымахуэ теплъэгъуэхэу: шылэр, бэдрэжузыр, мазэхъуанэр, бжэндэхъу уаер. А псори гъатхэ мазэм и 21-нэ махуэм гъэрэ щІыуэ зэхэкІыжырти аргуэру илъэсыщІэ къихьэрт.

Зэрыфлъагъущи, уафэ мазэм и таурыхъыр махуэрыбжэу щыІэм я пщыжщ. Ди куэдщ абы къытекІа псалъэхэри: мазэ къалъхуагъащІэ, мазэщІэ, мазэизыгъуэ, мазэзэблэкІыгъуэ, мазэхэ, мазэ пшэкІуэхь. Нэхъыбэрэ фиплъэт жэщ уафэм! Нэдмыгъэса таурыхъым и кІапэлъапэ, хэт ищІэрэ, ифлъэгъуэнщ…

«Нурым» и махуэрыбжэм схьэлІа дамыгъэхэр:

- Дунейпсо, апхуэдэу УФ-къэрал махуэшхуэхэр; тхьэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр;
- Адыгэхэм ягъэлъапІэ лъэпкъ махуэхэр.

*КЪАРМЭ Іэсият*

# 2018-Нур
# Щӏымахуэ

**Псалъэжьхэр** Щӏыр кӏийуэрэ къокӏуэ, гъэр гъуэгыурэ мэкӏуэж. Ӏэтащхьэ (мэкъу) плъагъумэ – щӏымахуэщ. Щӏымахуэм къэракъурэ гъагъэрэ?! Шылэм и кӏэм зеукӏыж. Илъэс Ӏуэху къэщтэжыгъуейщ. Дзыгъуэрэ пэт щӏымахуэм хуогъэтӀылъэ. Гъэмахуэм къыумылэжьа щӏымахуэм бгъуэтыжынкъым.

**Нэщэнэхэр** Щӏымахуэ вагъуэр егъэлеяуэ лыдмэ – уае нэщэнэщ. Щӏымахуэр уэсылъэмэ, гъэмахуэр уэлбанэщ. Щӏымахуэ бэджхэм жыджэру бэджыхъ зэрахъэмэ, уае къэхъунущ; бэджхэм загъэпщкӏумэ – Ӏувыкӏыжынущ. Щӏымахуэр уэсыбэмэ, мэкъур бэуэ къэкӏынущ.

Щӏышылэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

Мазае

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | | | | |

Дыгъэгъазэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

# 2018-Нур Гъэмахуэ

## Псалъэжьхэр

гупкӀэ жьауэри къэщхьэлъэмэ, цумылъэж. Уэгъум ихьар уэлбанэм къехьыжри, уэлбанэм ихьар уэгъум къихьыжыркъым.

Гъэмахуэм унэщ. Сэтэнейр гъунэ мэшгъэкӀщ. Уэсэпс хуабэ



Уеуэмэ – мэкъущ, уемыуэмэ – къурэщ. Щынащхьэ плъагъумэ – гъэмахуэщ. Іэтэр Іэмбатэ щхьэкӀэ мэф.

## Нэщэнэхэр

Уэсэпсыр Іувмэ – гъэр бэв хъунщ. ХъумпӀэцӀэджыр уэру зэрызехьэмэ, уэфІ нэщэнэщ. Пщэдджыжьыр пшагъуэбэмэ, махуэ уэфІ нэщэнэщ. Пщэдджыжьыр уэммэ – уэлбанэпежьэщ.



### Мэкъуауэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

### Бадзэуэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

### Шыщхьэуӏу

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

# Бжьыхьэ

Псалъэжьхэр Бжьыхьэ – бейщ. Гуэн нэщI нэхъри хадэ нэщI. Банэ нэхъри бэв. Бжьыхьэ дыгъэ тхъупсщ. Бжьыхьэ бадзэ дзэкъэрейщ. Бжьыхьэ жэщым вырэ шырэ йокIуадэ. Гуэным имылъмэ, Iэнэми телъкъым. Гъэшыр здэщыбэм цIыхур щыбейщ. ЩIыр вакъапхъэ-вакъапхъэу зэхэлъщ. ЩIым и IэфIрэ IэфIым и дагъэрэ. Жыг пщIащэншэр – зы къурэщ.



Нэщэнэхэр Бжьыхьэм аргъуейр багъуэмэ – щIымахуэ хуабэм и нэщэнэщ. Бжьыхьэпэ уафэгъуагъуэр уэфI кIыхь нэщэнэщ. Жумэрэныр куэду гъэтIылъэмэ, щIымахуэр ткIиинщ. Жыгейм и мышхумпIэр багъуэмэ – щIымахуэ уаем и нэщэнэщ.



Фокlадэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

Жэпуэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

Щакlуэгъуэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

# Гъатхэ

**Псалъэжьхэр** Гъатхэ бацэрэ бжьыхьэ цыжьрэ. Зы махуавэр зы махуэшхкъым. Хыумылъхьа къыхэпхыжыркъым. Емызэщ мэшыбэ ещIэ. Зы гъатхэр тIэу къакIуэркъым. Зы гъэм шкIэщи, етIуанэм – жэмщ. ЩIым зэ ептмэ, щэ къыует ыж.

**Нэщэнэхэр** Гъатхэм дзыгъуэр багъуэмэ, гъэр гъавэншэ хъунщ. Бзухэм дыгъапIэмкIэ абгъуэ щащIмэ, гъэмахуэр щIыIэнущ. Гъатхэ кIасэр гъэ уэфI нэщэнэщ. Гъатхэр пасэмэ, гъэмахуэр уэлбэнэнщ. ГъэфI хъунур гъатхэ щIыкIэ уолъагъу. Мэлыжьыхьым и блым Iэмбатибл хуагъэтIылъ.

## Гъатхэпэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

## Мэлыжьыхь

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |

## Накъыгъэ

| Бл | Гъу | Бр | Мху | Мр | Щб | Тхь |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 – | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

# Уэс тхъурыжь

**ЦIыкIухэ, бажэм зевгъэщхьу уэс фымышх!**



1



2



3



4



5



6



7




8

*Сур. Л. Филипповэ*





# ПЩАЩЭ ІЭЩХЬАФІЭ

**ПЩЫНОКЪУЭ Нинэ,**
Кенжэ, 20-нэ еджапІэ, 11-нэ кл.

УэскІурийр уэсым къызэрыхащІыкІым псори дыщыгъуазэщ. ФщІэуэ пІэрэ ар цы Іуданэкlэ зэрыпхъэ зэрыхъунур? Дауи, цыкІэ ящІар уэсым хуэдэу ткІужынкъым! Зывгъэсэнтэкъэ уэскІурий мыткІуж зэрыфхъэу? НтІэ, ди хьэщІэ ІэщхьафІэм фигъэлъагъунщ апхуэдэ цызэрыхъэм и ухуэкІэр.

**❁ *Дызыхуеинухэр:***

- цы Іуданэ (плъыжь, хужь, фІыцІэ, гъуэплъ);
- мастэ пэ къэгъэша;
- зэрагъэбырыб бжьэхуц;
- лэныстэ, мастэ, мастэкъуаншэ, фІэдзапІэ цІыкІу (псейм ирипыфщІэну);
- Іупэлэ е дыхьэрэн (плъыжьыгъэ, нэкІущхьэм щыфхуэну).



**❁ *ЗэрызэгурыІуэ нагъыщэхэр:***

- І – Іэлъын
- Ігу – Іэгупэу екІуэкІын
- Ххъу – хэгъэхъуэн (Ігу-тІыр зы нэкъихыгъуэу)
- ХщІ – хэгъэщІын (зы Іэгупэ екІуэкІыгъуэр нэкъихыгъуитІу)
- **(…)*** - зыбжанэрэ къытегъэзэжын
- Нбж – нэ бжыгъэу сатырым иІэр

**❁ *Топ хъурей цІыкІур (Іуданэ хужькІэ) дощІ:***

***япэ сатыр*** – Іэлъын дощІ;
***етІуанэр*** – Іэлъыным Іэгупэу хэ ***(сур. 8)*** дыкъокІуэкІ;
***ещанэр*** (…)* – хэ къытыдогъэзэж (18 Ігу);
***еплІанэр*** – Іэгупэу зы сатыр хыдогъахъуэри апхуэдэурэ хэ дыкъокІуэкІ (18 Ігу);
***етхуанэ-еханэр*** – аргуэру *тІэу* дыкъокІуэкІ (18 Ігу);
***ебланэр*** – *тІэу* Іэгупэу дыкъокІуэкІри адэкІэ хэдгъэщІурэ *плІэ* Іэгупэу дыкъокІуэкІ (14 Ігу);
Іуданэ кІапэ лей (пыдапІэ) къыдогъанэри догъэбыдэж. Бырыбу бжьэхуц идокуэ.

**❁ *Топ хъуреишхуэр (Іуданэ хужькІэ) дощІ:***

***япэ сатыр*** – Іэлъын дощІ;
***етІуанэр*** – Іэлъыным Іэгупэу хэ дыкъокІуэкІ (6 Ігу);
















***ещанэр*** (…)* хэ къытыдогъэзэж (12 Iгу);
***епплIанэр*** – зэ екIуэкIыгъуэр Iэгупэу хыдогъахъуэри, къытедгъэзэжурэ хэ дыкъокIуэкI (18 Iгу);
***етхуанэр*** – тIэу екIуэкIыгъуэр Iэгупэу хыдогъахъуэри, къытедгъэзэжурэ хэ дыкъокIуэкI (24 Iгу); ***(сур. 9)***
***еханэр*** – щэ екIуэкIыгъуэр Iэгупэу хыдогъахъуэри, къытедгъэзэжурэ хэ дыкъокIуэкI (30 Iгу);
***ебланэ-ебгъуанэ*** ***(сур. 10)*** сатырхэм зэхъуэкIыныгъэ хэдмылъхьэу дыкъокIуэкI (30 Iгу);
***епщIанэ*** – нэ къихыгъуищкIэ хыдогъэщIри а щIыкIэм тету хэ къытыдогъэзэж (24 Iгу);
***епщыкIузанэ*** – нэ къихыгъуитIкIэ хыдогъэщIри а щIыкIэм тету хэ къытыдогъэзэж (18 Iгу);
***епщыкIутIанэ*** – нэ къихыгъуитIкIэ хыдогъэщIри а щIыкIэм тету плIэ къытыдогъэзэж (14 Iгу).

Iуданэр догъэбыдэ, пыдочыжри ди топым бжьэхуц идолъхьэ ***(сур. 11).*** Топ хъурейхэр зэпыдодэжри адэкIэ дызыхуей плъыфэхэм къахэтха хьэпшып жьгъейхэр пкърыдолъхьэж. ПщэдэлЪ идошэкI, пыIэ цIыкIу щхьэрыдотIэгъэжри ди уэскIурийр хьэзырщ!

### Гу зылъытапхъэ:

УэскIурийм и фэилъхьэгъуэ, пкъыгъуэ цIыкIухэр цы IуданэкIэ зэIуфщэми, тхылъымпIэ зэмыфэгъухэм къахэфщIыкIми, зэхуэдэу дахэщ. Мыри гъэщIэгъуэнщ: бжьэхуцым хэвгъэзагъэ хъунущ Илъэсыщlэм къэхъуну фызыщIэхъуэпс гуэрым теухуа тхыгъэ цIыкIу.



Зыгъэхьэзырар
***ПЩЫНОКЪУЭ Н.,***
***НЭТЫХЪУЕЙ С.***





Мы гъэм «НУР» журналым и ебланэ къыдэкIыгъуэм теддзауэ щытащ Пушкин А. С. итха «Пащтыхьыпхъу лIамрэ пелуаниблымрэ я псысэр». Абы хуащIа сурэт куэд къытIэрыхьащ. ГъэщIэгъуэн тщыхъуащ Тхьэгъэпсо Фатимэ и лэжьыгъэхэр. Сурэтхэм феплъурэ псысэр фигу къэвгъэкIыж.




# ЩЫКIУРАШ



*ЕкIуэкIыу:*

1. Уеплъмэ гъуджэщ,
Шэху гъурыджэщ.
2. Щыгъэ цIуүэ уэгум къоплъ,
ЩIымахуаер хуэмыгъэплъ.
3. ЗекIуагъащIэм гъэщIэр пащI,
ИлъэсыщIэм ирагъэщI.
4. Iэнэм шхэну ар мытIыс,
ЖьантIи зэи къылъымыс.
5. ТхьэIухуду а дахащэр
ЩIыгъущ Уэс дадэ, щыгъщ уэс фащэ.
6. Тхъуи, кхъуеи къыхащIыкI,
«Мылфо» IэфIуи ар къыщIокI.
7. ИлъэсыщIэм сытри щащэ,
Гуэгуш псои, псеи къашэ.
8. Унагъуэшхуэу зэрыIыгъщ,
Жыг къудамэми иIыгъщ.

*Къехыу:* Гъэжьым и иужьрей мазэм
Пасэрейм фIищар, зэреджэр.

Зыгъэхьэзырар
***АБРОКЪУЭ Б.***





*Къехыу.* 1. Уэсыр зытемыкI, Европэм нэхъ щылъагэ бгы.

*ЕкIуэкIыу.* 2. Сабийхэр джэдум зэреджэр. 3. Бажэм и щхьэр зэрына хьэкъущыкъу (тарыхъ). 4. Къешх-къес лIэужьыгъуэ. 5. Уэсылъэ-бгылъэхэм щыпсэу джэдуушхуэ лъэпкъ. 6. ДэкIыгъуейуэ къурш лъагэ папцIэ. 7. Шы Iэпслъэпс. 8. Щтыгъэ, щIымахуэм и япэ нэщэнэ.

*Къехыу:* 1. Псейм ещхь ИлъэсыщIэ жыг (тхьэмпэ-мастэхэр нэхъ кIыхьу).

*ЕкIуэкIыу:* 2. ТхьэкIумэкIыхьымрэ бажэмрэ я хэщIапIэ. 3. МазэцIэ. 4. Анэр нэм хуэдэщ, ...р дэм хуэдэщ. 5. Сабийхэр мылым зэрыщыджэгу Iэмэпсымэ. 6. Цlыхум зыщатIагъэхэм зэреджэ. 7. Мэзым къыщыкI жыг, мыину пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ къыпыкIэу.

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭТУ П.***



**КЪАРДЭН Леонид,**
**Налшык къ. прогимназие № 70, илъэсибгъу**



**ДОЛ Даринэ,**
**Анзорей къу., ку. ерджапІэ № 2, илъэсипщІ**



**ФЫРЭ Маисэ,**
**Налшык къ. прогимназие № 29, илъэсибл**

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 12 2017 г.

Учредители:

Министерство культуры КБР
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати 13.12. 2017 г.
Выход в свет 28.12. 2017 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2575 экз.
Заказ № 141
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес. – 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР – Медиа», Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.